

Ale vit, tounen vit grasa EASY Card

Konsidere EASY Card la se yon kat debi pou w peye frè transpò ou. Grasa EASY Card lan, ou pa bezwen chèche monnen chak fwa ou deplase. Ajoute jiska \$150 ekivalan lajan kach sou kat ou an pou peye tikè transpò ou an, ikonpri tout transfè yo oubyen chaje EASY Card la avèk yon pass 1 mwa (yon mwa kalandriye), 7 jou (youn dèye lòt), oswa 1 jou e benefisyé yon kantite deplasman ki pa limite pandan peryòd la.

EASY Card, ki koute \$2 o depa, se yon kat plastik di ki dire anpil tan e ki gen yon mikwopsis elektwonik ladan ki dedui otomatikman montan ffè a lè ou tape kat la sou bwat pou peye tikè yo ak nan baryè elektwonik Metrorail yo. Ou pa bezwen okenn EASY Card ni okenn EASY Ticket pou monte nan Metromover, poutèt Metromover gratis pou tout moun.

EASY Ticket la ideyal pou deplasman ki dire mwens pase 24èdtan

Touris ak kliyan ki pa sèvi ak transpò publik regilyèman gen dwa deplase ak EASY Ticket lan. EASY Ticket fèt ak papye e gen menm teknoloji kat entelijan san kontak ak teknoloji kat entelijan EASY Card la, men li dire 60 jou e li kapab chaje sèlman ak yon pass 1 jou oswa 7 jou oswa yon valè kach ki rive jiska \$40.

Enskri EASY Card ou an e benefisyé:

- Pwoteksyon gratis balans lan sizoka ou ta vin pèdi oswa yo ta vòlè kat la – Nou pral

anile kat ou te pèdi owa yo te vòlè a, nou pral ba w yon nouvo kat e transfere balans lan ou te genyen sou kat la lè ou te kontakte nou. W ap peye sèlman \$2 pou ranplase kat la.

- Chajman otomatik** – Ou kapab pwogramme kont EASY Card ou an pou chajman otomatik si w rele nan Sant Finansye EASY Card la nan 786-469-5151 oswa sou Entènèt nan www.miamidade.gov/transit/easy-card.asp. Kenbe enfòmasyon kat kredi w lan tou pre w.
- EASY Ticket la pa kapab anrejistre pou chajman otomatik ni pou pwoteksyon balans lan.

Ki kote mwen kapab achte oswa ajoute valè oubyen yon pass nan EASY Cards ak Tickets yo:

- Pwen de vant EASY Card ak EASY Ticket yo sitye nan tout Konte Miami-Dade. Pou w kapab jwen pwen de vant ki pi pre w lan, rele 3-1-1, oswa jwenn yon pwen de vant sou Entènèt nan www.miamidade.gov/transit/easy-card-sales-outlets.asp.
- Gen machin ki vann EASY Card nan tout 23 estasyon Metrorail yo. Machin ki vann EASY Card bay enfòmasyon nan lang Angle, Panyòl ak Kreyòl.
- Nan Sant Sèvis Transpò yo ki sitye nan estasyon Metrorail nan Government Center ak nan Overtown Transit Village.
- Si w rele nan Sant Finansye EASY Card la nan 786-469-5151 (EASY Cards sèlman).
- Sou Entèt nan www.miamidade.gov/transit/easy-card.asp (EASY Cards sèlman).

Nan yon machin ki vann EASY Card, ou kapab:

- Achte yon EASY Card oswa yon EASY Ticket ak lajan kach oswa ak yon kat kredi ki valab (yo pa aksepte jeton (tokens) ni santim (pennies)).
- Chaje yon pass pou 1 mwa, 7 jou oswa 1 jou sou yon EASY Card.
- Achte yon Pass pou 1 mwa ak yon pèmi paking Metrorail mansyèl.
- Chaje yon pass pou 7 jou oswa 1 jou sou yon EASY Ticket.
- Chaje valè kach sou yon EASY Card oswa sou yon EASY Ticket.
- Verifye balans ou sou EASY Card oswa EASY Ticket ou an.
- Peye chak jou pou paking nan estasyon Metrorail yo



Machin ki vann EASY Card yo disponib nan tout estasyon Metrorail.

Fason pi fasil pou peye frè transpò w!



- Annik tape epi ale. Èske li pa IZI?
- Chaje yon pass pou 1 mwa, 7 jou oswa 1 jou, e/oswa valè kach jiska \$150 sou yon kat EASY.
- Anrejistre EASY Card ou pou pwoteksyon balans gratis pou sizoka ou pèdi oswa yo vòlè kat la.
- Anrejistre EASY Card la pou w kapab jere li sou Entènèt e pou chaje valè kach otomatikman ansanm ak/oswa pass yo.
- EASY Card la disponib sou Entènèt, nan telefòn, nan tout estasyon Metrorail ak nan anpil pwen vant ki byen sitye nan tout Konte Miami-Dade.



MIAMI-DADE COUNTY

CARLOS A. GIMENEZ
MAJISTRA

ASANBLE KOMISYONÈ KONTE

REBECA SOSA
PREZIDAN

LYNDA BELL
VIS PREZIDAN

BARBARA J. JORDAN
DISTRIK 1 LYNDA BELL
DISTRIK 8

JEAN MONESTIME
DISTRIK 2 DENNIS C. MOSS
DISTRIK 9

AUDREY M. EDMONSON
DISTRIK 3 SEN. JAVIER D. SOUTO
DISTRIK 10

SALLY A. HEYMAN
DISTRIK 4 JUAN C. ZAPATA
DISTRIK 11

BRUNO A. BARREIRO
DISTRIK 5 JOSE "PEPE" DIAZ
DISTRIK 12

REBECA SOSA
DISTRIK 6 ESTEBAN BOVO, JR.
DISTRIK 13

XAVIER L. SUAREZ
DISTRIK 7

HARVEY RUVIN
GREFYE TRIBINAL YO

CARLOS LOPEZ-CANTERA
EVALYATÈ PWOPRIYETE

ROBERT A. CUEVAS, JR.
AVOKA KONTE

Ale vit, tounen vit Nan Transpò Piblik



**Fason pi fasil pou peye
frè transpò w!**

www.miamidade.gov/transit

Sant Finansye EASY Card: 786-469-5151

TTY: 305-468-5402

Peye tikè Metrobus ou an Fason ki EASY (IZI) an

Lè w ap monte nan yon otobis, tape EASY Card oswa EASY Ticket sou bwat kote pou w mete lajan tikè an. Yo pral dedwi frè transpò an otomatikman. Se pou w sèvi ak pwòp EASY Card oswa EASY Ticket pa w pou w kapab monte nan yon otobis. Ou kapab itilize EASY Card ak EASY Ticket lan pou peye yon tikè itilizatè prensipal sèlman.

Si w vle peye ak lajan kach nan otobis la, depoze kèlkeswa konbinezon pyès monnen (yo pa aksepte senkòb penich) oswa papye dola nan bwat kote pou w peye an. Pa blyie mete montan lajan an egzak poutèt bwat yo pa remèt lajan.

Yo pral dewui frè transfè yo otomatikman nan EASY Card oswa EASY Ticket ou an lè w ap transfere soti nan tren pou monte nan otobis, nan otobis pou monte nan tren oswa nan otobis pou monte nan yon lòt otobis, si peryòd 3 èdtan fin pase apre w te fin peye tikè a lè w te monte nan premye otobis la. **Yo pral dedwi pri yon tikè foul tarif lè w ap transfere pou monte nan yon otobis oswa nan yon tren lè w ap deplase nan direksyon envès kote ou te kòmanse trajè deplasman an.**

Si w vle benefisyé yon transfè, pasaje yo dwe peye ak yon EASY Card oswa yon EASY Ticket. Pasaje k ap peye tikè otobis la kach ap peye tout pri tikè a nèt chak fwa yo monte nan yon otobis. Nou rekòmande pou w itilize yon EASY Card oswa yon EASY Ticket lè w bezwen fè transfè.



Peye pri yon tikè Metrorail. Tape pou antre. Tape pou soti.

Baryè otomatik Metrorail yo pa aksepte lajan kach. Alaplas, vanse sou yon machin ki vann EASY Card la ki akote baryè otomatik yo, achte yon EASY Card oswa yon EASY Ticket e chaje pass lan oswa valè ou vle an. Apre sa, sèvi ak kat la oswa tikè a pou peye nan baryè otomatik lan. Lè w ap transfere sòti nan tren pou monte nan yon otobis, se pou w tape pou soti nan estasyon Metrorail lan kote w ap transfere. Sinon, ou p ap resevwa okenn transfè e w ap dwe peye tout pri tikè a nèt.

Se pou w sèvi ak pwòp EASY Card oswa EASY Ticket ou pou kapab antre nan yon estasyon tren. Ou gendwa sèvi ak EASY Card e EASY Ticket lan sèlman pou peye yon grenn tikè itilizatè prensipal.

Baryè elektwonik Metrorail yo louvri otomatikman si w tape yo ak EASY Card oswa EASY Ticket ou an. Anplis de baryè otomatik 24 poujaj yo, estasyon Metrorail yo gen baryè otomatik 6 poujaj ki fasilité pasaj la pou kliyan ki nan chèz woulant, ki sèvi ak bekiy (walkè) oubyen k ap deplase ak pousèt pou tibebe oswa bisiklèt.

Pa blyie: Tout pasaje yo dwe tape EASY Card oswa EASY Ticket yo sou baryè otomatik Metrorail yo pou yo kapab antre e soti nan estasyon an. Tape pou antre. Tape pou soti. Li fasil!

Achte yon pèmi paking mansyèl Metrorail

Ou kapab achte pèmi paking mansyèl Metrorail

la ansanm ak yon Pass pou 1 mwa sou EASY Card la. (Ou pa kapab chaje EASY Tickets yo ak yon Pass pou 1 mwa.)

• **Nan machin pou vann EASY Card yo –** Chwazi opsyon "Pass pou 1 mwa avèk pèmi paking mansyèl Metrorail" nan meni prensipal la. Fini tranzaksyon an e pran resi ki enprime a bay ofisyè sekirite estasyon an pou li ba w pèmi paking ou an. Kwoke pèmi an nan retrouvizè machine w pandan tout mwa ki endike sou pèmi an.

• **Nan Sant Sèvis Transpò a –** Lè w ap telechaje yon Pass pou 1 mwa sou EASY Card ou nan Sant Sèvis Transpò a ki sitye nan estasyon Metrorail Government Center a, peye pou pèmi paking mansyèl Metrorail lan e reprezantan vant la pral ba w pèmi a lè tranzaksyon an fini.

• **Sou Entènèt oswa nan telefòn –** Ou gendwa achte yon pèmi paking mansyèl Metrorail lè w chaje yon Pass pou 1 mwa sou Entènèt oswa pa telefòn. Ou ta dwe fèl anvan 23zyèm nan mwa a pou kite ase tan pou w resevwa pèmi a nan lapòs. Kenbe nimewo konfirmasyon tranzaksyon an yon kote. N ap voye pèmi paking la ba w nan lapòs.

Peye chak paking Metrorail pou 1 jou an

Si w vle peye pri paking Metrorail pou 1 jou nan yon machin ki vann EASY Card, chwazi opsyon sa a nan meni ki sou ekran an. Pa blyie nimewo espas paking ou an paske yo pral mande w pou w make li.


Anplis de pri paking chak jou an, lè w ap peye avèk ekivalan valè tikè a, yo pral dedui pri yon tikè Metrorail sou EASY Card oswa EASY Ticket ou an.

Yo p ap dedwi okenn montan adisyonèl lè w ap tape EASY Card oswa EASY Ticket nan baryè otomatik lan.

Yo p ap dedwi pri yon deplasman ak Metrorail pou pasaje ki gen yon pass mansyèl, ebdomadè oswa jounalye sou EASY Card yo.

Pwogram Diskont pou Antrepriz

Kliyan k ap patisiye nan Pwogram Diskont pou Antrepriz lan pral resevwa EASY Card espesyal ki koulè nwa nan lye travay yo. Kat yo ki anrejistre anba non chak anplwaye ap pwogramme pou pwoteksyon balans sizoka ou ta pèdi oswa yo vòlè li ak chajman otomatik yon pass pou 1 mwa, e, si yo fè demann lan, yon pèmi paking mansyèl Metrorail tou. Si w bezwen enfòmasyon, voye yon imèl nan mdtdcp@miamidade.gov



KONPARE OPSYON PEMAN KI DISPONIB YO

	EASY CARD	EASY TICKET	LAJAN KACH SELMAN
Tikè Metrobus	✓	✓	✓
Tikè Metrorail	✓	✓	✓*
Pass pou 1 mwa	✓		
Pass pou 7 jou	✓	✓	
Pass pou 1 jou	✓	✓	
Ajoute Valè ki estoke	Jiska \$150	Jiska \$40	
Transfè	✓	✓	
Pèmi paking mansyèl	✓		
Frè Paking pou 1 jou	✓	✓	
Pwoteksyon si w pèdi/yo vòlè kat la	✓		
Chajman otomatik	✓		

* Baryè otomatik Metrorail yo pa aksepte lajan kach. Itilize yon kat kredi ki valab oswa lajan kach pou achte yon EASY Card oswa yon EASY Ticket nan yon machin ki vann EASY Card e sèvi avèk li pou peye deplasman an nan baryè otomatik lan.

Pwogram Diskont pou Kolèj

Kolèj, inivèsite ak sant edikasyon pou adilt gendwa ofri elèv yo yon Pass pou 1 mwa pou yon pri ki redwi sou yon EASY Ticket oran, si yo anrejistre nan Pwogram Diskont pou Kolèj Miami-Dade Transit lan. Rele nan 786-469-5384 pou w kapab jwenn enfòmasyon sou pwogram lan oswa al gade nan www.miamidade.gov/transit.



Deplase pou yon pri ki redwi

Pasaje elijib ki pran transpò leta tankou benefisyè Medicare yo, pifò moun ki andikape ak elèv lokal yo (Jadendantan jiska 12zyèm gred) gen dwa deplase nan transpò piblik pou yon pri ki redwi grasa EASY Card ki gen yon kòd espesyal sou li. Si w bezwen plis enfòmasyon, al gade nan www.miamidade.gov/transit.

Paspò Dore ak Paspò Patriyòt

Rezidan Konte Miami-Dade ki gen omwens 65an ki enskri nan pwogram Paspò Dore an pral deplase gratis grasa yon EASY Card ki gen yon kòd espesyal. Moun ki sèvi ak Paspò Dore ki gen 64an oswa mwens (benefisyè Sekirite Sosyal), ansanm ak kliyan Paspò Patriyòt yo dwe ale nan Sant Sèvis Transpò an ki nan estasyon Metrorail Government Center an pou yo kapab sètifye yo chak ane.

Moun ki sèvi ak Paspò Dore e ak Paspò Patriyòt kapab achte yon pèmi paking mansyèl Metrorail nan yon Sant Sèvis Transpò.



Ranbousman

Tout vant yo definitif. Yo pa ranbouse deplasman moun pa fè sou pass MDT ki aktive (Pou 1 mwa, pou 7 jou, pou 1 jou). Epitou, yo pa ranbouse acha EASY Ticket.

Si w itilize yon EASY Card oswa yon EASY Ticket yon fason ki malonèt, yo gen dwa arete w. Yo gen dwa pousuiv moun ki koupab zak sa yo poutèt yo komèt yon vòl e y ap dwe peye jiska \$500 amann e/oswa 60 jou nan prizon (Konstitisyon Eta Florid 812.015).